ñiy rëbbaate duñu nekk ay seede du caagine ay rammkat ëllëg bis-pénc

Jële nañu ci Abuu Dardaa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ñiy rëbbaate duñu nekk ay seede du caagine ay rammkat ëllëg bis-pénc».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku bari lu muy rëbb ñi yayoowul rëbb kooku yeyoo na ñaari mbugal: Bi ci njëkk: du nekk seede ëllëg bis-pénc ci xeet yi ci ne seen Yonente ya jottali nañu bataaxal ya, te deesul nangu seedeem ci àdduna; ngir ag kàccoorteem, te deesu ko wërsëgal faatu ci yoonu Yàlla. Ñaareel bi: du ramm ëllëg bis-pénc bu way-gëm yi di ramm seen i mbokk yi nga xam ne sawara war na ci ñoom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5495